

VIL NEW YORK
BIWO OPERASYON MAJISTRA A,
DEPATMAN PRESERVATION AK DEVLOPMAN LOJMAN NYC
AVI sou yon PERYÒD KÒMANTÈ sou
Divilgasyon Piblik Konfli Enterè

POU TOUT AJANS, KONSEY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE YO:

Nan dat 11 mas 2021, Prezidan Biden te siyen Lwa 2021 sou Plan Sovtaj Ameriken an (American Rescue Plan Act) (PL 117-2) ("ARP") ARP te bay, dapre seksyon 3205 sou Pwogram Patenarya Envestisman HOME (Home Investment Partnerships Program, HOME), yon asistans pou moun ki san kay ak sèvis sipò pou adrese enpak kontinyèl pandemi COVID-19 sou ekonomi an, sante piblik, Eta ak gouvènman lokal yo, endividé, ak biznis yo. Kongrè a te apropriye 5 milya dola, ki te atribye bay jiridiksyon patisipan avèk fòmil alokasyon HOME. Nan Ane Fiskal Federal 2021, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) te bay Vil New York montan \$269,831,517 nan fon HOME-ARP pou aktivite ki te pwopoze jiska 30 septanm, 2030

Pou yo resevwa lajan alokasyon an, Vil la oblige devlope epi soumèt bay HUD yon Plan Alokasyon HOME-ARP, ki dekri kijan fon HOME-ARP yo ta dwe itilize pou aktivite ki elijib yo.

Nan kad Plan Alokasyon pou Vil New York pou l resevwa alokasyon fon HOME-ARP li yo, Vil la pwopoze ke Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) kòm yon sou-destinatè pral sèvi ak yon pati nan alokasyon apeprè \$270 milyon Vil la pou l administre asistans finansye, espesyalman sèvis sipò atravè peman aryere lokasyon, bay moun oswa fanmi ki okipe lojman sosyal NYCHA posede. HUD te idantifye ke itilizasyon lajan yo pwopoze a reprezante yon konfli enterè òganizasyonèl. anba Seksyon VII.H.2 Avi HOME-ARP a, ki espesifye ke yon sou-destinatè pa gen dwa administre asistans finansye, ki gen ladan peman lwaye, ki gen rapò ak moun oswa fanmi ki okipe lojman ke sou-destinatè a posede, nonplis li pa ka kondisyon sèvis sipò pou yon moun oswa fanmi ki okipe yon inite lojman ke sou-destinatè a posede. *Gade CPD-21-10: Kondisyon pou Itilizasyon Lajan nan Pwogram HOME-American Rescue Plan*, ki te pibliye 13 septanm, 2021 ("Avi HOME-ARP"), Seksyon VII.H.2.

Konsèy HUD deklare Otorite Lojman Piblik yo (Public Housing Authoritie, "PHAs") pa ka padone oswa diminye aryere lokasyon yo ak fon fonksyònman lojman sosyal oswa fon kapital, ki dapre règleman pa kalkile pou fè aryere oswa defisi nan lwaye. HUD olye de sa ankouraje PHA yo pou fè patenarya ak lokalite yo epi lòt patnè pou ede fanmi ki bezwen asistans. An akò ak konsèy sa yo, NYCHA ak Vil la te chèche asistans HOME-ARP pou yo ka bay fanmi ki elijib yo sekou sou aryere yo. Peman NYCHA administre yo anba HOME-ARP yo pral diminye lwaye fanmi ki aryere yo nan montan peman an, alò sa pral bay fanmi NYCHA ki an aryere yo soulajman ke yo bezwen. Sepandan, nenpòt asistans sa yo pou diminye aryere lwaye fanmi yo, se ap tou lajan ke NYCHA dirije bay tèt li paske NYCHA se founisè lojman ki dwe resevwa aryere lwaye sa yo. Paske pwovizyon asistans HOME-ARP sa a enplike NYCHA ki administre peman pou tèt li pou redwi kantite lajan lokatè lojman sosyal NYCHA yo dwe, HUD te idantifye ke se kalite asistans ki entèdi dapre Seksyon VII.H.2, san yon eksepsyon yo akòde pa HUD.

Dapre Avi HOME-ARP, yon jiridiksyon ki patisipe nan HOME-ARP ka mande HUD yon eksepsyon nan yon konfli enterè òganizasyonèl, depi jiridiksyon an pèmèt, pami lòt bagay, divilgasyon alekri sou nati konfli a.

Gade Avi HOME-ARP, Seksyon VII.H.4. Vil la gen entansyon fè yon demann konsa pou yon eksepsyon nan HUD, akoz demann sa a ap fè divilgasyon publik sa.

Yo envite publik la pou fè kòmantè sou konfli enterè potansyèl ki poze NYCHA ki ap administre sèvis sipò atravè peman aryere lwaye bay moun oswa fanmi ki okipe lojman sosyal NYCHA posede. Moun ki vle reponn yo, nou mande pou yo soumèt kòmantè yo alekri bay Depatman Konsèvasyon Lojman ak Devlopman Ekip (Department of Housing Preservation and Development) HOME ARP nan homearp@hpd.nyc.gov.

5 jou ouvrab Peryòd Kòmantè Publik sou Divilgasyon Publik Konfli Enterènterè pwograme apati 3 **novanm 2023** pou rive **9 novanm, 2023**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Depatman pou Prezèvasyon Lojman ak Devlopman nan NYC a, tanpri, vizite nou nan <http://www.nyc.gov/hpd>.

Vil New York: Eric Adams, Majistra
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations)
Adolfo Carrión, Komisyonè, Depatman pou Prezèvasyon Lojman ak Devlopman nan NYC

Dat: 2 Novanm, 2023